

Kijan pou Bay Tete San Danje Si Ou Gen COVID-19

Lien Aksesib: <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/need-extra-precautions/pregnancy-breastfeeding.html>

Nou pa konnen avèk sètitud si manman ki gen COVID-19 ka transmèt viris la bay tibebe yo nan lèt manman, men selon sa nou konnen, pa gen anpil chans pou sa.



Si ou gen COVID-19 epi ou chwazi pou bay tete

- Lave men w avèk savon ak dlo pandan omwen 20 segonn anvan ou bay tete.
- [Mete yon mask](#) pandan w ap bay tete AK chak fwa ou nan distans mwens ke 6 pye avèk tibebe ou an.
 - » Pa mete yon pwotèj figi ni mask sou tibebe ou an. Yon pwotèj figi oswa yon mask ka ogmante risk pou [sendwòm lanmò sibat tibebe \(Sudden Infant Death Syndrome, SIDS\)](#) oswa risk pou toufe ak trangle pa aksidan.



Si ou gen COVID-19 epi Ou Chwazi pou Ponpe oswa Tire Lèt Tete Alamen

- Sèvi avèk pwòp ponp tete ou (pa pataje yon ponp tete).
- Mete yon mask pandan w ap ponpe.
- Lave men w avèk savon ak dlo pandan omwen 20 segonn anvan ou touche nenpòt pati nan ponp lan oswa nan bibwon an.
- [Netwaye ponp ou an](#) chak fwa apre ou fin itilize l.
- Eseye fè yon moun ki abite avèk ou bay tibebe a lèt tete ou fin ponpe a. Asire w ke moun lan pa gen COVID-19 epi li pa [gen plis risk](#).
- Nenpòt moun k ap bay swen k ap viv avèk ou ta ka ekspoze, epi moun sa dwe mete yon mask lè li nan mwens ke 6 pye parapò ak tibebe a pandan tout tan ou nan [izòlman](#)* pou COVID-19, ak pandan [karantèn moun lan](#)**.

* Izòlman vle di kenbe yon moun ki enfekte ak viris la lwen lòt moun, menm andedan kay li.

**Karantèn vle di kenbe lwen lòt moun yon moun ki te petèt ekspoze nan COVID-19 la.



Bay Tete si Ou Separe ak Tibebe Ou Ki Fenk Fèt

Si ou gen COVID-19, ou ka chwazi pou ou separe pandan yon ti tan ak tibebe ou ki fenk fèt la pou diminye risk pou transmèt COVID-19 lan ba tibebe ou an. Men, ou ka jwenn li difisil pou kòmanse oswa pou kontinye bay tete. Gen dispozisyon ou ka pran ki kapab ede ogmante pwodiksyon lèt ou:

- Ponpe oswa bay tete chak 2-3 èdtan (omwen 8-10 fwa nan 24 èdtan, sa gen ladan pandan lannwit), sitou nan detwa premye jou yo. Sa bay tete yo siyal pou yo pwodui lèt epi li anpeche kanal lèt yo bloke, ak enfeksyon nan tete.
- Si ou pa kapab tabli pwodiksyon lèt ou oswa ou oblije sispann bay tete pandan yon ti tan pou nenpòt rezon, anvizaje jwenn èd nan men yon [founisè sipò pou alètman](#).



[cdc.gov/coronavirus](https://www.cdc.gov/coronavirus)